



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DIVIZYON PWOTEKSYON KONSOMATÈ
DEPATMAN DETA NEW YORK LA TE RETOUNEN APEPRÈ 2.4 MILYON DOLA
BAY KONSOMATÈ NEW YORK YO AN 2022.**

***Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a te ede apeprè 20,000 Nouyòkè avèk plent
konsomatè yo an 2022***

***Pou lanse Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè yo, Divizyon Pwoteksyon
Konsomatè yo ap pataje senk premye kategori plent konsomatè yo te resevwa an
2022 avèk konsèy pou pwoteje konsomatè yo***

Pou lanse Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP) Depatman Deta Eta New York te ede asiste 19,752 Nouyòkè ki gen divès kesyon sou pwoteksyon konsomatè an 2022, sa ki te pèmèt retounen apeprè 2.4 milyon dola bay konsomatè yo. Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè a selebre pandan tout premye semèn mas chak ane pou ede moun konprann dwa yo antanke konsomatè yo epi pataje resous ki disponib pou ede pwoteje yo. Semèn Pwoteksyon Konsomatè Nasyonal ane sa a tonbe 5 - 11 mas, epi Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a ap pataje senk premye kategori plent konsomatè yo te resevwa an 2022 avèk konsèy pou edike, enfòmè ak pwoteje konsomatè yo sou sijè sa yo.

"Administrasyon mwen an te travay avèk dilijans pou retounen plizyè milyon dola bay konsomatè ke biznis fwod te vòlè nan pòch Nouyòkè ki travay di yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk konsèy ak zouti ki disponib pou rete an sekirite nan ekonomi k ap chanje rapid sa a, n ap kontinye pwoteje konsomatè yo, asire Nouyòkè yo enfòmè sou dwa yo, epi rann biznis malonèt yo responsab".

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pandan ane pase a, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè nou an te travay san pran souf pou ede plizyè milye Nouyòkè rekipere nan men biznis ki malonèt yo lajan yo te touche anba redi. Nou pral kontinye travay enpòtan sa a pou ede asire ke konsomatè yo enfòmè sou dwa yo epi yo gen zouti yo bezwen pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo kont fwod".

Senk premye kategori plent konsomatè DCP te resevwa an 2022 ak konsèy pou pwoteje konsomatè yo:

Kòmmand / Livrezon: Plent ki gen rapò ak kòmmand ak livrezon pwodui yo achte, ki enkli atik ki manke, pwodui yo resevwa ki pa bon, livrezon ki gen reta oswa repòte, oswa atik yo pa janm voye.

Pa egzanp, yon konsomatè nan Konte Westchester te kòmande mèb chanm nan men yon gwo revandè nan Brooklyn. Nan moman vant lan, dat pou voye li a te pwogramme pou 3 fevriye, men li te chanje annapre pou 3 avril. Lè yo te aprann nouvo dat la, konsomatè a te kontakte magazen mèb la pou anile kòmmand lan, sepandan, yo te di yo y ap gen pou peye 15% frè re-apwovizyonman. Konsomatè a te depoze yon plent nan DCP, epi DCP te kapab fè aranjman pou yon ranbousman konplè pou konsomatè a.

Konsomatè yo ta dwe:

- Sonje pou toujou achte sou sit ki fyab lè w ap achte sou entènèt. Konsomatè yo ta dwe achte sou sit yo konnen epi pran prekosyon lè y ap achte sou sit yo pa abitye yo oswa sa yo ki gen pwodui lòt vandè. Aprann plis sou [Règleman federal 1975 sou machandiz ki kòmande pa kourye, entènèt oswa telefòn](#), ki egzijè detayan yo livre pwodui yo kòmande pa kourye, telefòn, oswa entènèt yo nan 30 jou amwenske sa te endike yon lòt jan nan moman acha a. Si gen yon reta, ou dwe avize. Si konpayi an pa ka jwenn ou pou jwenn konsantman ou pou reta a, yo dwe, san yo pa mande ou, ranbouse tout lajan ou peye rapidman pou machandiz ki pa anbake a.
- Fè atansyon lè w ap achte atravè rezo sosyal yo. Komès rezo sosyal yo ap ogmante pami achtè yo, epi dapre ekspè yo li grandi twa fwa pi vit pase ekonomi komès ki pi tradisyonèl yo. Pandan plis konsomatè ap navige epi achte dirèkteman oswa atravè lyen yo jwenn sou platfòm rezo sosyal yo, nou ankouraje konsomatè yo pou yo pote atansyon a enpostè mak yo ak fo detayan ki gen fo kòmantè konsomatè. Chèche ak verifye vandè yo pou evite fè kòmmand sou sit kopi pou pwodwi ki p ap janm rive.
- Swiv pake ou yo. Verifye enfòmasyon swivi pou pake ou epi rapòte bay detayan ak konpayi transpò a touswit si gen nenpòt pwoblèm.
- Konsomatè yo dwe konnen ke yon mesaj tèks (SMS) oswa imèl yo pa te mande sou yon ekspedisyon oswa livrezon yo pa konnen ka yon siy swivi ak livrezon yon pake ki fo epi yo dwe pran prekosyon yon fwa yo resevwa li.

Politik sou ranbousman / magazen an: Pwoblèm plent ki gen rapò ak ranbousman ak politik magazen yo, ki enkli politik pou retounen, frè pou restokaj, ak ranbousman pou pwodui andomaje.

Pa egzanp, yon konsomatè nan Konte Bronx te achte istansil kwizin nan men yon vandè dirèk. Li te resevwa istansil kwizin lan nan kat jou pita epi

li te deside li pa panse sa vo lapèn ankò. Konsomatè a te kontakte konpayi istansil la epi yo te di l ke, dapre "Règ Anilasyon an", li te sèlman gen twa jou apati dat acha a pou kòmanse yon retou. Sepandan, konsomatè a te note ke sit entènèt konpayi an te anonse yon politik retou dis jou apre yon konsomatè resevwa machandiz la. Konsomatè a te voye tout bagay tounen nan konpayi an twa jou apre li fin resevwa li, sepandan, konpayi an te refize bay yon ranbousman. DCP a te kontakte konpayi an nan non konsomatè a epi te fè aranjman pou konsomatè a resevwa ranbousman konplè 2000 dola.

Konsomatè yo ta dwe:

-Konnen dwa ou. Nan Eta NY, magazen yo dwe afiche politik ranbousman yo klèman. Lè pa gen politik ranbousman ki afiche, konsomatè yo gen 30 jou apati dat acha a pou resevwa yon ranbousman konplè oswa yon kredi (dapre opsyon konsomatè a). Ou dwe bay yon resi oswa lòt konfimasyon vandè a bay ki montre ke 30 jou pa te pase apati dat acha a, epi machandiz la pa dwe te itilize oswa andomaje.

-Poze kesyon sou politik ranbousman. Anvan ou fè yon acha ki chè, mande magazen an pou l bay enfòmasyon sou nenpòt kondisyon oswa pri, tankou frè re-apwovizyonman, ki gen rapò ak retou machandiz yo.

-Konsève tout resi pou acha yo pou fasilite retou yo.

Machandiz/Pwodui: Plent ki gen rapò ak machandiz oswa pwodui ki pa reponn ak atant konsomatè yo.

Pa egzanp, yon konsomatè nan Konte Nassau te achte yon nouvo fou nan yon magazen aparèy. Touswit apre enstalasyon an, fou a te etenn tanzantan pandan l ap kwit manje. Konsomatè a te kontakte revandè a ki te dirije li vè fabrikan an. Apre anpil apèl telefòn ak tantativ pou rezoud pwoblèm nan avèk fabrikan an, konsomatè a te kontakte DCP. Apre li te kontakte fabrikan an, DCP te kapab fè aranjman pou konsomatè a resevwa yon ranbousman total 7,303 ak retire fou a.

Konsomatè yo ta dwe:

-Acha sou sit ou fè konfyans pou evite fwod. Sonje ke si yon sitwèb mennen nan yon lòt sit pou kòmande machandiz la, premye sitwèb la pa fyab pou fè kòmand sou sit lòt pati a. Toujou li kòmantè verifye kliyan yo anvan ou plase yon kòmand sou yon nouvo sitwèb.

-Toujou li espesifikasyon pwodui yo pou gen sètitud sou pwodui ou pral resevwa a. Asire ke sa ki prezante a se pwodui w ap tann pou resevwa a.

Lè w ap achte pou timoun, verifye ke pwodui yo apwopriye ak laj yo pou sekirite yo—yo egzije fabrikan yo pou bay enfòmasyon sa yo sou anbalaj la. Komisyon Ameriken sou Sekirite Pwodui Konsomatè (U.S.

Consumer Product Safety Commission, CPSC) bay konsomatè yo mizajou regilyèman [sou rapèl pwodui](#), yon bon zouti pou itilize pou achte nan tout sekirite.

-Verifye politik retou magazen an epi kenbe resi yo pou fasilite retou yo.

Amelyorasyon nan Kay: Plent ki gen rapò ak amelyorasyon nan kay, sèvis reparasyon ak kontraktè yo.

Pa egzanp, yon konsomatè nan Konte Niagara te anboche yon konpayi penti avèk franchiz pou repare twou nan kèk mi ak repentire enteryè kay yo. Travay ki te fèt la te kouvri avèk garanti, kidonk lè kèk nan bann ki te itilize pou bouche twou yo te kòmanse dekole, konsomatè a te eseye kontakte konpayi an pou reparasyon. Malerezman, konpayi franchiz la te kite biznis sa a. Konsomatè a te eseye kontakte konpayi prensipal la plizyè fwa men li pa te resevwa yon repons. DCP te kontakte konpayi prensipal la nan non konsomatè a epi li te kapab fè aranjman pou fè travay reparasyon an fini selon garanti epi gratis pou konsomatè a.

Konsomatè yo ta dwe:

-Jwenn omwen twa estimasyon nan men kontraktè ki gen bon repitasyon ak asirans ki genyen yon lis materyèl, pri ak sèvis yo dwe bay pou travay la.

-Mande epi tcheke referans nan men kontraktè a. Chèche kontraktè a atravè Better Business Bureau ak lòt sit entènèt epi pale ak founisè lokal yo ak zanmi yo pou wè si yo gen enfòmasyon ki ka itil. Si w ap viv nan Vil New York, Konte Westchester, Nassau, Suffolk, Orange, Putnam oswa Rockland, tcheke biwo afè konsomatè lokal ou a. Si w ap viv nan yon lòt konte, tcheke avèk minisipalite lokal ou a pou wè si yo gen lisans pou kontraktè amelyorasyon nan kay yo.

-Si pri kontra a plis pase 500 dola, lwa Eta New York egzije yon kontra alekri ki gen ladan enfòmasyon kontak kontraktè a (ki gen ladan nimewo telefòn), pri, orè peman, dat kòmansman ak fen ak yon deskripsyon konplè sou travay yo dwe fè a.

-Negosye yon orè peman ki asosye ak achèvmman etap espesifik travay la. Pa janm peye tout pri a davans epi eseye limite kantite nenpòt depo ou fè anvan kòmansman travay la.

-Asire ou resevwa epi sere kopi tout garanti yo, ki gen ladan sa ki sou materyèl yo itilize yo.

-Konnen dwa ou. Konsomatè yo gen twa jou pou yo anile apre yo fin siyen yon kontra pou amelyorasyon nan kay yo. Tout anilasyon yo dwe soumèt alekri.

Kat Kredi: Plent ki gen rapò ak chaj ki pa kòrèk, fakti, benefis kat ak taks an eksè ki ilegal.

Pa egzanzp, yon konsomatè nan Konte Cayuga te achte yon vwayaj atravè kat kredi vwayaj li a, ki te gen ladan plizyè avantaj pou vwayaj ak sèvis tankou asirans pou anile vwayaj. Kat jou anvan vwayaj pwograme a, mari konsomatè a te soufri yon ijans medikal ki kalifye pou anile vwayaj. Konsomatè a te depoze yon reklamasyon bay konpayi kat kredi li a, li te soumèt dokiman jistifikatif yo mande yo, epi li te kontakte yo plizyè fwa pandan kat pwochen mwa yo pou yon mizajou. Yon egzaminatè reklamasyon te pwomèt l ap tounen rele l plizyè fwa, men li pa te janm resevwa yon apèl. Yon fwa konsomatè a te depoze yon plent nan DCP, DCP te kontakte konpayi kat kredi a epi li te fè aranjman pou konsomatè a resevwa yon ranbousman total ki depase 15,000 dola.

Konsomatè yo ta dwe:

- Verifye fakti ou yo ak atansyon. Egzamine tout chaj yo pou asire yo se sèvis ou te mande epi w ap resevwa yo.
- Ou dwe okouran de chaj yo pou renouvèlman otomatik kontra a. Li ilegal nan Eta New York pou kontinye chaje yon moun pou yon sèvis sou entènèt san ou pa ofri yon fason ki fasil pou anile sèvis la sou entènèt tou.
- Toujou li karaktè ki ekri tou piti yo. Asire ou verifye tèm ak kondisyon sèvis yo epi konprann sa ki nan kontra yo.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Pandan Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè a, mwen fyè de travay n ap fè pou asire ke konsomatè New York yo rete enfòm epi an sekirite. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak ekip Depatman Deta a paske yo te retounen yon montan enpresyonan 2.4 milyon bay konsomatè yo an 2022".

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Soti nan pri abizif ak monte pri rive nan fwod ak vòl idantite, konsomatè New York yo souvan gen risk pou yo anake yo. Isit la nan New York, n ap travay di pou nou defann konsomatè yo, epi mwen rekonesan pou m travay avèk Gouvènè Hochul pou asire Nouyòkè yo gen pwoteksyon ak asistans ki nesèsè yo".

Komisyon Federal sou Komès la (Federal Trade Commission, FTC) dirije plizyè evènman piblik pandan Semèn Nasyonal Pwoteksyon Konsomatè a ki ankouraje sansibilizasyon sou pwoteksyon konsomatè. Tout evènman yo gratis pou patisipe epi ou ka jwenn yo [isit la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la

Misyon Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la se pou ede, pwoteje, edike, epi reprezante konsomatè yo nan ekonomi k ap chanje a. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a travay di pou ede moun ki aflije nan mache a atravè efò medyasyon plent li yo, epi tou nan edike piblik la sou mache fwod yo, epi defann enterè konsomatè yo anvan kò lejislatif ak règlemantè yo.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la sèvi pou edike, asiste ak responsabilize konsomatè Eta a. Konsomatè yo ka depoze yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a nan <https://dos.ny.gov/file-consumer-complaint>.

Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon konsomatè, rele Liy asistans DCP a nan 800-697-1220, lendi rive vandredi, 8:30am-4:30pm, oswa vizite www.dos.ny.gov/consumer-protection. Pou ti konsèy sou pwoteksyon konsomatè ak enfòmasyon rapèl, swiv DCP sou Twitter nan @NYSConsumer oswa Facebook nan www.facebook.com/nysconsumer. Enskri pou resevwa alèt konsomatè yo dirèkteman nan imèl ou oswa nan telefòn ou [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418